

BRIDGEPORT

NOUVÈL SOU EDIKASYON

DEPATMAN EDIKASYON ETA CONNECTICUT

| OKTÒB 2025

Mesaj Komisè a

Depatman Edikasyon Eta Connecticut (Connecticut State Department of Education, CSDE) kontinye ap kole zepòl avèk kominote Bridgeport la nan angajman nou tout pran an pou nou amelyore rezilta elèv yo ak ranfòse sistèm k ap kore yo. Pandan uit mwa ki sot pase yo, nou travay avèk Lekòl Piblik Bridgeport yo pou garanti pwogrè yo non sèlman posib, men vizib tou.

Gouvènè Ned Lamont, manm yo nan Konsèy Edikasyon Eta a (State Board of Education), ak mwenmenm, te gen lonè rankontre avèk Majistra Joseph P. Ganim, manm yo nan Konsèy Edikasyon Bridgeport la (Bridgeport Board of Education), manm yo nan delegasyon lejislatif Bridgeport la, ak direktè rejyonal enterimè a Dtè. Royce Avery— ansanm avèk anseyan ak pèsònèl lekòl Bridgeport yo—nan Konvokasyon ane sa a pou akeyi kòmansman nouvo ane lekòl la. Moman sa a te yon rapèl pwuisan bann moun ki se fondasyon distrik sa a, epi li te souliyen tou jan lidè eta yo ak lidè lokal yo, ansanm ak kolaboratè kominotè yo, kanpe dèyè w epi angaje byen fon nan travay k ap tann nou an. Jan Gouvènè Lamont te fè nou sonje pandan diskou li a, blding ak pwogram yo enpòtan, men se travay nou reyalize nan tèt ansanm nan ki ba yo lavi.

Youn nan siy pi klè ki montre gen pwogrè, se rediksyon nan mank pwofesè a. Otòn pase a, te gen 120 pòs vid, pami yo 31 nan ansèyman espesyal. Nan moman rantrè lekòl la, chif sa a bese a 41, avèk sèlman de (2) nan ansèyman espesyal—yon pwogrè ki fèt nan yon moman kote anpil distrik parèy nou kontinye gen difikilte. Nou retabli yon sèvis otobis san danje ak fyab pou plizyè milye elèv tou, sa ki redui distans pou mache yo epi estabilize pakou yo. Anmenmtan, nou rete konsantre sou tabli gouvènans pi solid, ogmante responsabilite, ak ranfòse fondasyon sipò a toupatou nan distrik la.

Efò sa yo se pa pou rezoud pwoblèm nou genyen jodi a sèlman—se pou kreye chanjman dirab k ap ede tout elèv ak tout lekòl monte. Ansanm, n ap rasanble direksyon, ansèyman ak kominote pou bati yon sistèm Lekòl Piblik Bridgeport ki pi solid, k ap kore chak grenn nan 20,022 elèv yo.

Salitasyon kolaboratè w la,
Komisè Charlene M. Russell-Tucker

Ekip Asistans Teknik la ak Odit CLA a

An fevriye 2025, Konsèy Edikasyon Eta a te bay Komisè a otorizasyon pou li mete yon Ekip Asistans Teknik kat manm (Ekip la) nan Lekòl Piblik Bridgeport yo. Avèk plis pase 150 lane eksperyans konbine, Ekip la travay dirèkteman avèk direksyon distrik la pou ranfòse operasyon yo, ofri fòmasyon sou gouvènans, amelyore pwosesis pou pran nouvo anplwaye yo, ak estabilize sèvis ki pi enpòtan yo.

Pou pi byen okipe pwoblèm fiskal ki genyen depi lontan yo, CSDE te kòmande yon odit jidisyè endepandan nan men CliftonLarsonAllen LLP (CLA). Odit la, ki te pibliye an jiyè 2025, pa t jwenn okenn prèv fwòd, men li te idantifye mank nan kontwòl, nan klasifikasyon bidjetè, ak nan pratik jesyon. CLA te fè 34 rekòmandasyon pou amelyore transparans ak responsabilite, k ap gide travay k ap fèt kounye a pou bati yon sistèm jesyon lajan ki pi solid ak pi dirab.

Kisa CSDE, Ekip la, ak Bridgeport akonpli ansanm?

Rekritman ak Plasman Pwofesè

- Egzije nouvèl sou plasman pwofesè yo chak semèn epi tabli atant klè pou direktè yo ak chèf biwo santral yo pou yo jwe yon wòl aktif nan anbochay la.
- Entwodui nouvo zouti pou rekritman tankou CT REAP epi ankouraje plis sansibilizasyon pase pa medya sosyo yo ak lòt platfòm rekritman.
- Bay konsèy nan desizyon yo pou deplase pèsònèl biwo santral la pou yo ka pote yon sipò tanporè nan resous zimèn epi akselere travay sou aplikasyon yo.
- Edike lidè distrik yo sou fleksibilite ki genyen nan anplwaye retrete pou okipe mank yo rapidman.
- Redui mank pwofesè a soti nan 120 an novanm rive a 41 an septanm, avèk pòs vid yo nan ansèyman espesyal ki tonbe de 31 a 2.

Transpò ak Enstalasyon

- Negosye yon antant ki retabli yon sèvis otobis san danje ak fyab pou plizyè milye elèv, sa ki redui distans pou mache yo epi estabilize pakou transpò yo.
- Fasilite mete enskripsyon santral distrik la nan CT State Housatonic, sa ki senplifye pwosesis enskripsyon an pou fanmi yo.
- Fè elèv yo ak pèsònèl nitrisyon an patisipe nan seyans echanj sou meni pou amelyore kalite manje a.
- Kontinye sipò pou okipe eksè enskripsyon an nan nouvo Bassick High School la.

Ansèyman ak Sipò pou Elèv yo

- Retabli aprantisaj pwofesyonèl Hill for Literacy a epi adapte sipò yo avèk Modèl Alfabetizasyon Connecticut la (Connecticut Literacy Model) pou alfabetizasyon timoun anbazay.
- Agrandi Komite Konsiltatif Paran sou Ansèyman Espesyal la epi lanse yon estrateji kominikasyon pi solid pou ankouraje fanmi yo patisipe.
- Mete anplas kowòdinasyon chak trimès avèk kolaboratè lasante kominotè yo pou aliyen sèvis konpòtman ak sante fizik pou elèv yo.
- Òganize yon fòmasyon twa jou pou administratè ak pwofesè ansèyman espesyal yo, plis ajoute yon fòmasyon de (2) jou sou IEP kalite siperyè, estrateji pou konpòtman, ak kontwòl pwogrè nan saldeklas.

Gouvènans ak Responsabilite

- Bay Konsèy Edikasyon Bridgeport la (Bridgeport Board of Education, BBE) enstriksyon pou li suiv yon fòmasyon sou gouvènans avèk CABE sou previzyon bidjetè, elaborasyon politik, ak wòl ak responsabilite.
- Gide elaborasyon yon òganigram revize, ki ajoute yon Asistan Direktè Rejyonal pou Etid/Pwogram ak Ansèyman ak yon Asistan Direktè Rejyonal pou Kapital Imen.
- Kòmande yon odit jidisyè ki idantifye 34 rekòmandasyon pou ranfòse kontwòl fiskal ak transparans.
- Kore elaborasyon yon manyèl pwosedi pou finans ak bidjè pou moun ki nan tèt lekòl yo pou gide pratik konstan.

Pwochen Etap yo

Pi devan, efò nou yo pral santre sou ede distrik la elabore yon bidjè pou ane fiskal 26-27 la ki ekilibre ak efikas, epi anmenmtan apwofondi inisyativ alfabetizasyon yo epi kontinye satisfè bezwen fonksyonèl debaz yo. Antan travay sa a ap pwogrese, n ap bay kominote a nouvèl regilyèman epi kenbe Konsèy Edikasyon Eta a okouran tout bagay nan chak etap.